



Pou Piblikasyon Imedya: 10/01/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL DEWALE PWOGRAM KAPITAL-AK-ENVESTISMAN POU REDUI EMISYON GAZ KI LAKOZ EFÈ SÈ AK KONBAT CHANJMAN KLIMATIK**

*Pwogram Kapital-ak-Envestisman nan tout ekonomi an pral finanse yon avni dirab pandan y ap pwoteje konsomatè yo*

*Gouvènè a avanse rekòmandasyon Konsèy Aksyon Klimatik resan an; mande DEC ak NYSERDA pou yo konsevwa yon pwogram rediksyon emisyon ak yon kontribisyon solid ak pati konsène yo*

*Bidjè egzekitif la pral genyen yon pwopozisyon lejislatif pou kreye yon nouvo Rabè Aksyon Klimatik pou bay Nouyòkè yo yon montan yo prevwa ki se 1 milya dola pwofi pwogram nan chak ane*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon Pwogram Kapital-ak-Envestisman (Cap-and-Invest) pou finanse yon avni dirab ak abòdab pou tout Nouyòkè yo nan kad Eta Leta 2023 a. Gouvènè Hochul te mande Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) ak Otorite Rechèch ak Devlopman Enèjetik Eta New York la (Energy Research and Development Authority, NYSERDA) Eta New York pou avanse yon Pwogram Kapital-ak-Envestisman nan tout ekonomi ki etabli yon limit k ap diminye sou emisyon gaz ki lakòz efè sè, investi nan pwogram ki mennen nan rediksyon emisyon nan yon fason ekitab ki priyorize kominote defavorize yo, limite depans pou fanmi ki vilnerab ekonomikman yo, epi kenbe konpetitivite endistri New York yo. Anplis de sa, Gouvènè Hochul pral pwopoze lejislasyon pou kreye yon Rabè Aksyon Klimatik inivèsèl ki prevwa mennen plis pase 1 milya dola nan pwofi kapital ak investisman pou Nouyòkè yo chak ane

"Pandan n ap travay pou diminye emisyon polisyon yo toupatou, nou dwe asire nou ke moun ki te deja souffri anba enjistis anviwònmanal pa pote yon pòsyon enjis nan fado a ankò." **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwogram anbisyè Kapital-ak-Envestisman nou an fikse yon limit sou emisyon gaz ki lakòz efè sè epi pataje revni yo ak Nouyòkè ki soti nan kominote defavorize yo pou ede kouvri bòdwo sèvis piblik yo, depans transpò ak efò dekarbonizasyon yo. Atravè efò inovan nou yo, nou pral kreye yon avni ki pi pwòp, ki pi vèt pandan n ap ede Nouyòkè yo ak depans tranzisyon an."

New York ap antreprann youn nan efò ki pi anbisye ak konplè nan Etazini pou adrese menas chanjman klimatik la. Nouvo Pwogram Kapital-ak-Envestisman sa a pral pèmèt New York kontinye fè envestisman enpòtan nan avni enèji pwòp nou an pandan l ap sipòte kominote vilnerab yo ak kominote defavorize yo fas ak ogmantasyon pri enèji mondyal la.

Kòmanse imedyatman, DEC ak NYSERDA pral konsevwa yon pwogram ki etabli yon limit anyèl sou kantite polisyon ke yo pèmèt yo emèt nan New York, jan yo rekòmande nan [Plan Kadraj Konsèy Aksyon Klima](#) ki fèk finalize a. Chak ane, limit emisyon an pral redwi, sa ki mete Eta a sou yon trajèktwa pou satisfè egzijans Lwa Klima nou an ki genyen 40 pousan nan reduksyon emisyon dis 2030, ak omwen 85 pousan reduksyon apati nivo 1990 dis 2050. Sou direksyon Gouvènè Hochul, konsepsyon pwogram lan pral priyorize senk prensip debaz:

- **Abòdabilite:** Yon Pwogram Kapital-ak-Envestisman dwe mete byennèt fanmi New York yo an premye. Nan Bidjè Egzekitif k ap vini li a, Gouvènè Hochul pral pwopoze lejislasyon pou kreye yon Rabè Aksyon Klima inivèsèl ki prevwa mennen plis pase 1 milya dola nan pwofi kapital ak envestisman pou Nouyòk yo chak ane Rabè Aksyon Klimatik la pral fèt pou diminye depans konsomatè yo, pandan y ap prezève finansman enpòtan pou efò dekarbonizasyon konsomatè yo, ki gen ladan mezi efikasite enèji ki diminye depans enèji, solisyon mobilite pwòp ki diminye depans transpò, ak lòt envestisman ki amelyore kalite lè epi kreye nouvo opòtinite travay. Anplis de sa, Gouvènè Hochul pral chèche karakteristik konsepsyon pwogram ki ka ede asire potansyèl depans Kapital-ak-Envestisman yo previzib ak jerab pou tout konsomatè yo ak biznis yo.
- **Lidèchip Klimatik:** Pwogram Kapital-ak-Envestisman New York la pral ede non sèlman atenn objektif klima New York yo, men tou, y ap katalize yon mouvman nan tout peyi a nan direksyon tarif kabòn. Pou sa, Gouvènè Hochul ap mande espesyalman DEC ak NYSERDA pou yo desine yon pwogram ki gen kapasite pou yo rantre nan lòt pwogram aktyèl oswa pwochen pwogram yo, ki ka diminye pri tranzisyon an nan yon ekonomi ki pi ekolojik, an jeneral.
- **Kreye Travay ak Prezève Konpetitivite:** Pwogram Kapital-ak-Envestisman New York la pral fèt pou lanse nouvo envestisman nan endistri ki gen entansyon kreye dè dizèn milye travay ki byen peye, ki soutni fanmi alavni ki ka leve tout kominote yo. Soti nan modènizasyon kay yo rive nan enstalasyon rechaj veyikil elektrik ak fabrikasyon vèt, pwofi kapital-ak-envestisman ka ankouraje tout ekonomi enèji pwòp la. Gouvènè Hochul ap mande DEC ak NYSERDA pou yo konsepsyone yon pwogram pou diminye depans pou asire ke yo pa mete endistri New York yo nan yon dezavantaj konpetitif. Anplis de sa, lajan kapital-ak-envestisman ka ale nan inisyativ tranzisyon jis ki pral asire okenn travayè pa rete dèyè.
- **Investi nan kominote defavorize yo:** Kapital-ak-Envestisman pral priyorize kominote defavorize yo ki devan liy lan, nan Eta nou an ki te soufri anba polisyon ak enjistis anviwònmanal depi twò lontan. Pwogram nan p ap pèmèt itilizasyon konpansasyon ki ta ka pèmèt sous ki gen gwo emisyon kontinye polye, epi pito yo pral fèt pou asire yo redwi fado polisyon an. Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, yon minimòm 35 pousan, ak yon objektif 40 pousan, nan avantaj resous kapital-ak-envestisman pral benefisye dirèkteman kominote defavorize yo, epi

pwogram nan pral fèt pou asire fado polisyon yo redwi nan kominote yo ki devan liy lan. Envestisman sa yo pral finanse pwogram enpòtan pou amelyore kalite lè a, diminye depandans sou izin elektrik ki lakoz polisyon yo, modènize kay ak lekòl yo, epi dekarbonize sistèm transpò nou yo, pami lòt efò enpòtan pou redwi zòn polisyon yo.

- **Finanse yon avni dirab:** Kapital-ak-Envestisman pral bay finansman ki nesèsè pou sipòte akonplisman objektif klima New York yo. Soti nan ede pwopriyetè biznis yo elektrifye operasyon yo rive nan finansman chajè veyikil elektrik (electric vehicle, EV) ak envèstisman efikasite enèji ki pral diminye bòdwo enèji yo, pwofi kapital ak envestisman yo pral filtre atravè eta nou an - sa k ap amelyore lavi, redwi depans tranzisyon an pou konsomatè yo, ak kreye yon pi bon New York.

Emetè gaz ki lakòz efè sè a gwo echèl ak distribitè gaz chofaj ak transpò yo pral obligatwa pou achte alokasyon pou emisyon ki asosye ak aktivite pa yo. Lè yo aplike nan chak tòn metrik emisyon kabòn, Pwogram Kapital-ak-Envestisman pral ankouraje konsomatè yo, biznis yo, ak lòt antite pou tranzisyon nan altènativ ki pi fèb an tèm kabòn. Pwofi yo pral sipòte envestisman enpòtan Eta a nan alèjman klimatik, efikasite enèji, transpò pwòp, ak lòt pwojè, anplis finansman yon Rabè Aksyon Klimatik anyèl ki pral distribye bay tout Nouyòkè yo pou ede bese nenpòt depans potansyèl pou konsomatè ki asosye ak pwogram nan.

Reyalize prensip sa yo mande alafwa yon pwosesis regilasyon solid ak transparan ki dirije pa DEC ak NYSEERDA ak refòm enpòtan ki fèt ansanm ak patnè lejislatif yo pou asire Pwogram Kapital-ak-Envestisman New York la benefisye tout konsomatè yo, kenbe avantaj konpetitif ekonomi nou an pandan y ap maksimize pwofi ekonomik, epi pèmèt lyezon ak lòt jiridiksyon.

**Prezidan Komisyon Sèvis Piblik Eta New York la, Rory M. Christian, te deklare,** "Gouvènè Hochul montre lidèchip ak detèminasyon nan efò li pou devlope yon ekonomi enèji pwòp ki pral ede ankouraje kwasans ekonomik ak opòtinite pandan y ap benefisye dirèkteman konsomatè yo tou. Pwogram Kapital-ak-Envestisman, k ap mennen nan peyi a, fèt pou fè egzakteman sa."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York ak Ko-prezidan Konsèy sou Klima Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare,** "Pwopozisyon Gouvènè Hochul la avanse lidèchip New York la nan pote pou pi devan yon solisyon inovan pou fè fas ak defi pwofon nati destriktif chanjman klimatik la prezante. Pwogram Kapital-ak-Envestisman nan tout ekonomi an souliye aksyon ekilib enpòtan n ap antreprann pou asire tout Nouyòkè benefisye pwogram sa a ki pral diminye emisyon danjere, espesyalman nan kominote sa yo ki depi twò lontan te sibi gwo enpak chanjman klimatik yo alafwa sou plan finansye ak sanitè, pandan y ap rete konsantre sou kenbe biznis nou yo konpetitif ak nan devan liy pwoduksyon chanjman teknolojik la. Avèk Pwogram Kapital ak Envestisman sa a, nou ap voye yon siyal bay lòt eta yo ke tranzisyon sa a ka avanse nan yon fason reflechi ak kolaboratif pou avanse pou rezoud youn nan defi jenerasyonèl nan epòk nou an."

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònman Eta New York la ak Ko-prezidan Konsèy Aksyon sou Klima a, Basil Seggos, te deklare,** "Gouvènè Hochul ap montre mond lan ke aksyon klima a kapab anbisyè, abòdab, ak reyalizab, e mwen fyè pou m travay avèk li menm ak pi gwo ekspè klima eta nou an pou avanse Pwogram Kapital ak Envestisman konplè sa a. Atravè lidèchip Gouvènè Hochul la, Eta a pare pou l adopte yon zouti solid ak efikas pou konbat chanjman klimatik, amelyore kalite lè a, ankouraje inovasyon, pwoteje travay, epi bay finansman ki nesèsè pou ekonomi vèt nou an reyisi. DEC pa ka tann pou l travay avèk NYSERDA, Lejislati a, ak Nouyòkè yo atravè eta a pou konstwi pwogram esansyèl sa a ki pral bay priyorite tou pou abòde zòn polisyon ki gen enpak sou sante ak byennèt kominote ki defavorize yo nan eta a."

Pwogram Kapital ak Ebvestisman New York la pral apiye sou eksperyans pwogram ki sanble ak li epi ki fè siksè atravè peyi a ak atravè mond lan ki te bay yon rediksyon emisyon konsiderab pandan y ap katalize ekonomi enèji pwòp la. Sistèm elektrisite New York la deja fè pati yon pwogram rejyonal nan estil kapital ak envestisman, Inisyativ Rejyonal Kont Gaz a Efè Sè (Regional Greenhouse Gas Initiative, RGGI) a. Depi RGGI te etabli an 2005, pwogram nan te ede diminye gaz ki lakòz efè sè ki soti nan izin elektrik yo nan plis pase mwaye epi li te ranmase prèske 6 milya dola pou sipòte solisyon enèji ki pi pwòp pami 12 eta k ap patisipe yo.

###

Lèt nouèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418